



STATE OF NEW YORK
OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL

ERIC T. SCHNEIDERMAN
ATTEKAT BU MAG



NEW YORK STATE EDUCATION DEPARTMENT
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

MARYELLEN ELIA
KOMISEER NJANG
NJIITU DAARA JU KAWE BU ETAA NEW YORK

27 Fewrie 2017

Jëff yu bees yu nguur gi def ci wallu imigéré yi ñoongi tital nit ñi ak dileen jaxase ci dëkk bi yepp. Ñi dëkk ci Etaa New York, ñi nga xamne suñu barab yi ak Njiiti Biroo Etaa New York neenañu dinañu toppatoo, te waxtaannañu ak suñu barab yi ci wallu njaxxare ak laaj yu jëff yi mëna jur. Biroo Attekat bu Mag bu Etaa New York (“OAG”) ak Departmañ Njang Etaa New York (“SED”) bindnañu tay ngir xamal ndongo-daara yi, ak daara yi, njaboot yi, ak mbooloo yi ci biir Etaa New York yepp ne suñu daara yi dinañu wëy di nekk ay barab yu wóor fu ndongo-daara yepp mëna jäng.

Ni ko Yóonu Njang Etaa New York bëggee, xale yu am lu ëpp juróom at ak yu amagul fukku ak benn at te ñu amagul bak mënnañu jäng ci daara yuñu dul fay ci goxu daara biñu dekk te duñu fay. Teyit, goxu daara yi warñañu woorlu ndongo-daara yepp yi tollu ci jäng ñoongi jängsi ba waxtu jäng mi yepp jot.¹ **Xale yu amul këyit, niki xale yu dëkk ci Amerik, amnañu sañ-sañ jäng daara waxtu gu mat budee matnañu duggu daara walla ñu maatal lu am këyit dëkk bi laaj ni ko yóonu dëkk bi téralee.** Waaw-kay, Barabu Attekaay bu Mag bu Amerik buñu taxawal matna leegi ñaar fukku at ci *Plyler v. Doe*, neena goxu daara yi waruñu bañal ndongo-daara yi ab njang buñu dul fay dara tekk ko ci ndodd luñu amul këyit walla ci li ñu dëkkul foofu, walla budee lii seen waajur la dal walla ñi leen dénc.²

OAG/SED jëlna tamit sañ-sañ bu am solo boobu bu ndongo-daara yi amul këyit ci leeral goxu daara yi, ci waxtu binndu, ne daara yi waruñu laaj ay laaj yu jëm ci taxawaayu imigéré ndax day wone taxawaayu imigéré bu xale bi, lu ci melni laaj ko ab Limu Kaarànge Pencoo.³ Digalnañu tamit, donte goxu daara yi mënnañu jël yenn xibaar yi ci etaa bi ak/walla yóonu nguur

¹ *Xool Njang*. Yóon §§ 3202(1), 3205.

² *Plyler v. Doe*, 457 U.S. 202 (1982); *Xool tamit Wooteeb Plata*, Sottib 40. Ki Nekkal Departmañ bi. 552, Limu Dogal 14,555.

³ *Xool, ci misaal*, Cosimo Tangorra, Jr., “*Jaajëf Naatangoo*” *Mbataaxal*, Departman Njang Etaa New York (10 Septàmbar 2014),
<http://www.p12.nysesd.gov/sss/documents/EducationalServicesforRecentlyArrivedUnaccompaniedChildren.pdf>.

gi, warnañu ko def ginaaw bu ab ndongo-daara binndoo ci daara mu baña melni dañuy jëfandikoo xibaar ci taxawaayu imigéré yi ngir xool ñi mëna binndu.⁴

Lu yàggul, suñu barab yi jótñañu ay laaj yu jëm ci wareef goxu daara yi ak joxug cér ci ay lenket yu mëna am bawoo ci ñi taxawal Doolel Imigére ak Duwaañu Amerik (“ICE”), bókk ci laaj ngir dajeeg walla laajtontu ndongo-daara yi, walla ngir mëna jót dënkgug ndongo-daara yi. Ni nga ko xamee, ay yóon yu bari tegnañu goxu daara yi ay wareef yuñu yóonal ak joxug cér doxal yóon yiy laaj ndongo yi ci biir daara yi ak sutura dënk ndongo-daara yi, bókk ci Jëfu Attekaay Njabóot bu New York (“NYFCA”) ak Sañ-sañ ak Jëf Sutura Njàngu Njabóot bu nguur gi (“FERPA”). Ñakk topp wareef yooyu, donte sax dañ ko def ngir tontu ab laaj bu bawoo ci ndawu nguur gi ci wallu imigéré yi, mënnä tax yóon tópp goxu daara yi. Ndax loolu, suñu barab yi ñoongi ñaan liggeeykat goxu daara yepp ñu jokkook seen saytukat ak attekat daara yi saa buñu jótee ab laaj bu bawoo ci ab ndawu-nguur gi ci wallu imigéré. Balaa ñuy tontu bepp laaj, liggeeykat goxu daara yi dañoo wara liggeey ak seen saytukat ak attekat ngir xam ndegam tontu laaj boobu dina tax goxu daara bi baña topp yóon bu ñepp di jëffee.

*Laaj yi ngir dajeeg walla laajtontu ndongo-daara yi. gv. SED yàggna xalaat ne ñiy taxawal yóon waruñu gennee ab ndongo ci daara ji walla ñukoy lenket te waajur-am walla ñu leen di dénc àndñu ci, xanaa ci yenn mbir yu neew (*ci misaal*, budee ñuy taxawal yóon amnañu ab këyit gu wóor walla budee dañu ray nit ci biir daara ji).⁵ Ñoongi ñaan njiitu daara yi ñu deggo ak ñuy taxawal yóon ci ni ko yóon ak doxalin daara dëkk boobu bëggee. Budee ICE walla ndawu-nguur gi ci wallu imigéré dañoo ñew ci daara ji ngir jót ci ndongo-daara yi (ngir ay tontulaaj ak/walla lenket), ñoongi sakku bu baax ab goxu daara bi mu xelal liggeeykat yepp ci saasi ñu jokkook saytukat ak attekat gox yi ngir leeral, rax ci dolli ak joxug cér wareef am yi ni ki Yóon Njàng, *Plyler*, ak NYFCA bëggee balaa nuy nañju jót ab ndongo-daara.*

Laaj ngir jót dënku njàng ndongo-daara yi. Leneen lu ni mel mooy, suñu barab yi ñoongi xelal goxu daara yi, budee jótñañu ab laaj bu bawoo ci ndaw yi taxawal imigéré yi ngir ñu jót ci dënk njàngu xale yi, ñu jokkook seen attekat yi ngir ñu mëna xam ndegam laaj boobu le du dëgg yóonu FERPA.⁶ FERPA day bañ ay goxu daara yuy jël xaalisu nguur gi ngir gennee ay xibaar xammekaay moomel (“PII”) yu nekk ci ab dënk njàngu xale yi te waajur xale bi walla ndongo-daara biñu tånn nañjuwul. FERPA dina nañju gennee lu ni mel te waajur yi bañ ko budee gennee bi dina topp yenn doxalin yuñu yamale te ñu nekk ci sàrt doxalin yóon. Bokkna ci

⁴ Ak delluwaay bu raññeeku ci xàmmekaay Kaarànge Pencoo, SED laajul gox yi ñu jël ay kàrt walla ay limu Kaarànge Pencoo ndongo-daara yi ngir bepp jubluwaay walla bepp waxtu, balaa walla ginaaw binndug ndongo-daara ji.

⁵ *Xool, ci misaal*, N.Y.S.E.D. Xalaat 91 bu Ndaje mi (17 suwe 1959) (“ndaw bumu mëna doon warul gennee ab xale ci daara bi budee xale bi ñewna te waajur-am yi ànndunu ci lenket bi”); *Xool tamit* N.Y.S.E.D. Xalaat 148 bu Ndaje mi (23 fewrie 1965) (“Daara ji amul sañ-sañ dénc ndongo-daara yi ngir nañjul ñiy taxawal yóon walla ñeneen ngir ñu lenket ndongo-daara yi walla gennee leen ci biir daara bi, ak lu mu mëna doon.”) Taxawaay bi mi ngi ajoo ci ay yóon yu bari te mu bokk ci, *inter alia*, NYFCA, biy laaj tåkk der yi ñu def lepp ci seen kàttan ngir ñu woo ci saasi wajur xale bi walla kepp kuy toppatoo xale bi budee dañoo téj kasoo ci doxal yóon xale bu am 16 at, te ci kanam ñu ne xale boobu le sax waruñu ko lenket, xana waajur-am walla ñu leen dénc, budee teewnañu, ñu xamal leen sañ-sañu xale bi ak ñu may leen ñu mëna teew ci lenket bi. *Xolal N.Y. Njëfu Attekaay Njabóot § 305.2; Kaawu Jimmy D.*, 15 N.Y.3d 417 (2010).

⁶ *Xool* 20 U.S.C. § 1232g.

doxalin yuñu yamale yooyu ay laaj yu ay yeneen nit yuñu lim def bawoo ci nguur gi.⁷ **Waave, ab laaju ndawu ICE walla ndaw yuy taxawal imigéré yi ngir jót PII xale bi ci dënku njàng yi, dav melni menngoowul ak sette FERPA yi ci sàrt matale bi wax ne waajur ndongo-daara walla ndongo-daara biñu tann daa wara nañnu gennee bi bawoo ci ñeneen.**⁸

Biro SED Téralin Njàng P-12 moongi jox tay daara yi ak gox yi ay leeral ci Jëf Ngor Ngir Ndongo-Daara Yepp (“DASA”) ngir ñu mëna wax xew-xew ci wallu xëkktal yu am ci biir daara yi ci dëkk bi yepp ci ayu-bis yi mujju. Leeral boobu dina jàppandini fii: <http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/dasa-guidance.pdf>.

Bis buñu demee bay laaj yan jëf la nguur gi def ci walla imigéré yi, jarna ñun ñi nekk ay jangalekat ak ndawu-nguur gi, ñu fattali suñu mboloo dara yi njariñ boole ak sañ-sañu ndongo-daara yi ngir ñu mëna njàng te duñu ragal fayantoo ci luñu nekk ci daara ji rek. Suñu barabu jangalekaay yi dañoo wara wëy di nekk ay barab yu woor ngir xale yepp. Ñoongi lay jaajëfal bu baax ci goorgorlu bi ngay def ngir jappale suñu ndongo-daara yi, njàboot yi ak mbooloo yi.

Jaajëf,



MaryEllen Elia
Komiseer Njàng



Eric T. Schneiderman
Attekat bu Mag

⁷ Bawoo ci C.F.R. 34 §99.31(a)(3),mëneesna gennee, bu toppee luñu laaj ci C.F.R. 34 §99.35, ngir ñuy taxawal Sautykata Matale bu Amerik, Attekat bu Mag bu Amerik, Sekarteer Departmaju Njàng bu Amerik, walla ndaw yiy toppatoo njàngu Etaa bi walla gox boobu le.

⁸ Xool C.F.R. 34 § 99.31.